

SEKIRITE TIMOUN: PRAN PREKOSYON OU AK MOUN K AP PRAN SWEN PITIT OU

CHILD SAFETY: BE CAREFUL WHO CARES FOR YOUR CHILD

Lè paran yo ap chwazi yon moun pou pran swen pitit yo, yo ta dwe chwazi yon moun ki:

- Gen eksperyans nan pran swen tibebe ak tibebe ki fèk ap mache
- Pasyan ak adilt ase pou pran swen yon tibebe ki difisil, eksite twòp oswa k ap kriye
- Rekonèt li toujou dwe siveye jenn timoun yo
- P ap janm sekwe yon timoun, frape li, rele sou li, pase li nan tenten, oswa refize ba li manje kòm pinisyon
- Pa bwè alkòl oswa pa pran dwòg, oswa gen zam, epi ki p ap mete bòkote yon timoun lòt moun ki kapab ap bwè, pran dwòg oswa vann dwòg, oswa gen zam.

Genyen siy ki montre kijan yon moun k ap pran swen timoun kapab danjere, tankou yon moun ki:

- Ankòlè oswa ki pa pasyan ditou lè timoun yo fache souvan, ap kriye oswa gen move konduit
- Vyolan ak/oswa renmen kontwole patnè yo
- Gwosye fizikman oswa vèbalman avèk timoun
- Yon moun ki bwè alkòl ak pran dwòg, tankou mariwana
- Ap itilize medikaman sou preskripsyon ki gen move efè segondè oswa ki fè yo toujou anvi dòmi
- Pa merite konfyans pou okenn rezon

Kèlkeswa jan ou santi ou ankòlè oswa fwistre, tibebe ou oswa jenn tibebe ou ap kriye, epi kèlkeswa jan l ap kriye, pa janm sekwe tibebe ou oswa jenn tibebe ou. Si sekwe yon timoun sa kapab lakòz li senyen nan sèvo ki kapab domaje li oswa menm touye li. Li pran sèlman kèk segonn pou sekwe yon tibebe epi pou nui yon fason grav devlopman sèvo yon tibebe.

- Pa Janm Sekwe Tibebe Ou
- Asire li pa grangou, imid, frèt oswa cho
- Ofri li yon tetin
- Pwomennen ak tibebe ou kenbe sou ou nan bra ou oswa nan yon pòt-bebe. Pale pou li oswa chante pou li.
- Rele yon zanmi, yon manm fanmi oswa yon vwazen ou fè konfyans pou pale ak li oswa mande yon moun pou vini pou akonpaye ou
- Lè tout lòt bagay ou fè pa efikas, mete tibebe ou nan bèso li. Asire li pwoteje. Tcheke li apeprè chak senk minit. Li pi bon pou kite tibebe ou kriye pase pou fè yon bagay ki kapab nuizib pou li sispann kriye

Resous

- Liy Dirèk pou Paran rele nan 800-342-7472 oswa ale nan sit wèb www.preventchildabuseny.org
- Liy Dirèk pou rele Safe Horizon pou Vyolans nan Kay 800-621-HOPE (800-621-4673), TDD (Moun ki Mal pou Tande) 866-604-5350
- Sant Kriz Nouyòk pou Fanmi Timoun yo Jwenn nan 888-435-7553 www.nyfoundling.org/crisis-nursery
- Èd pou depresyon, pwoblèm alkòl ak pwoblèm dwòg, 800-LifeNet (800-543-3638)
- Pou rapòte abi ak neglijan ki fèt sou timoun, rele 800-342-3720 oswa 311